



Biwo Sèvis Elèv

SÈVIS AK PWOGRAM DETE POU 2021

PWOGRAM DETE YO

Ane Lekòl Pwolonje (ESY)

Pwogram Konplè

A Distans oswa Fasafas? Toule 2

Yon pwogram ki dire 4 èdtan ki gendwa gen ladan l sèvis IEP, san wete lesan akademik, terapi pawòl ak langaj, terapi fizik, ak/oswa terapi pwofesyonèl

Dat/Lè: 6 Jiyè - 9 Out 2021 | 8:30am - 12:30pm

(1 Jiyè 2021 se jounen pou pèsònèl la fè aranjman)

Ki Kote: Nou poko deside

Kiyès ki gendwa patisipe: Elèv ki gen yon IEP ki di yo kalifye pou Ane Lekòl Pwolonje (ESY)

Èske w bezwen yon pwogram jounen konplè? Nou poko deside; nou poko konnen si n ap fè yon pwogram kan jounen kominotè fasafas

Note sa: N ap bay transpò



ant 8:30am - 2:30pm, 6 Jiyè - 9 Out 2021

(1 Jiyè 2021 se jounen pou pèsònèl la fè aranjman)

Ki Kote: Nou poko deside

Kiyès ki gendwa patisipe: Elèv ki gen yon IEP ki di yo kalifye pou sèvis akademik Ane Lekòl Pwolonje

Note sa: Nou pap bay transpò

Pwogram Andikap

Aprantisaj (LD)

A Distans oswa Fasafas? Toule 2

Pwogram dete LD a ofri ansèyman dirèk chak jou avèk ansèyman lekti ki sistematik, ki presi, e ki touche plizyè sans nan men yon pwofesè edikasyon espesyal. Pwogram nan gen ladan l tou ansèyman espesyalize nan ekriti ak matematik

Dat/Lè: 6 Jiyè - 9 Out 2021 | 8:30 - 11:30am

(1 Jiyè 2021 se jounen pou pèsònèl la fè aranjman)

Ki Kote: Nou poko deside

Kiyès ki gendwa patisipe: Elèv ki enskri nan yon klas ki apa ki pou elèv ki gen andikap aprantisaj nan Graham & Parks

Note sa: N ap bay transpò



Ane Lekòl Pwolonje (ESY)

Sèvis Edikasyon Espesyal

A Distans oswa Fasafas? Toule 2

Sesyon lesan selon yon pwogram pou elèv ki gen yon IEP ki di yo kalifye pou sèvis akademik Ane Lekòl Pwolonje

Dat/Lè: Pwofesè an chèf la pral fè pwogram nan an konsiltasyon avèk paran/responsab; Sesyon yo pral fèt



PWOGRAM 11 MWA

"Special Start" (Kòmansman Espesyal)

Kiyès ki gendwa patisipe: Elèv ki enskri nan

Pwogram "Special Start" ki Entegre Entansif oswa ki Apa

Dat/Lè: 6 Jiyè - 4 Out 2021 | 8:30am - 2:30pm

(1 Jiyè 2021 se jounen pou pèsònèl la fè aranjman)

Ki Kote: Nou poko deside



Pwogram pou Andikap Nechèl

Otis (ASD oswa "Autism" ann anglè)

Kiyès ki gendwa patisipe: Elèv ki enskri nan Pwogram Andikap Nechèl Otis la

Dat/Lè: 6 Jiyè - 4 Out 2021 | 8am - 2pm

(1 Jiyè 2021 se jounen pou pèsònèl la fè aranjman)

Ki Kote: Nou poko deside



Si w gen nenpòt kesyon, tanpri, kontakte Desiree Campbell: decampbell@cpsd.us